

Istwa peyi Ayiti

*PWOGRAM FÒMASYON ISTWA POUANSEYAN AK ELÈV PREMYE AK DEZYEM ANE LEKÒL
FONDAMANTAL*

MODIL FOMASYON A DISTANS

oganism ki finanse program nan



DESANM 2013

ISTWA PEYI AYITI

PWOGRAM FÒMASYON ISTWA POUANSEYAN AK ELÈV PREMYE AK DEZYEM ANE LEKÒL FONDAMANTAL

MODIL FOMASYON A DISTANS

Elaboratè :

Dormil FENELUS

Marie Claudèce JOSEPH

Konsepsyon ak kowòdinasyon

Tony CANTAVE

Pierre-Michel LAGUERRE

SA NAP JWENN ANDEDAN DOKIMAN SA A

- Pou komanse paj 2
- Tan nan zafe istwa paj 3
 - Oryantasyon Ministè Ledikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl paj 3
 - Konpetans apre premye sik lekòl fondamantal paj 3
 - Konpetans apre elèv yo fini premye ane lekòl fondamantal
 - Mo enpòtan paj 3
 - Ki tèm paj 3

Premye ane

Tèm : Divizyon tan nan listwa

- Nòt pou anseyan **paj 4**
- Sekans # 1 Jounen paj 5-6
- Sekans # 2 Lè paj 7
- Sekans # 3 Semèn paj 8
- Sekans # 4 Mwa paj 9
- Sekans # 5 ane paj 10

Dezyèm ane

Tèm : Divizyon tan nan listwa

- Sekans # 1 ane paj 12
- Sekans # 2 Semes paj 13
- Sekans # 3 Trimes paj 14
- Sekans # 4 Sezon paj 15

Dezyèm ane

Tèm: Sivilizasyon Tayino

- Sekans # 1 Dekouvri pozisyon zile kiskeya paj 16
- Sekans # 2 Konprann fason Tayino yo te viv sou zile kiskeya paj 17
- Sekans # 3 Dekouvri eritaj Tayino kite pou sosyete jodi a paj 18
- Sekans # 4 Konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a paj 19

POU KÒMANSE

GRAHN¹ ak GRIEAL² mete tèt ansanm pou yo ofri anseyan ayisyen yo yon fòmasyon ki kapab ede yo amelyore kalite ansèyman yo nan lekòl an Ayiti. Se nan sans sa a yo prepare pwogram fòmasyon sa a. Sa ki nouvo nan oryantasyon yo bay nan fòmasyon sa a se travay ki fèt pou ede anseyan yo ranfòse kapasite pou yo anseye selon yon lòt apwòch ak zouti ki ka pèmèt yo fè lekòl yon lòt fason. Alos, anpil anseyan kwè yon bon ansèyman se bay eksplikasyon pou elèv yo repete, fòmasyon sa a ap mountrè yo pito kote yo ka ede elèv yo konstwi konesans ak posiblite pou mobilize yo pou rezoud pwoblèm. Kidonk, pwen fòmasyon pwogram fòmasyon an tabli sou baz konpetans ki se « aptitud pou itilize konesans, ladrès ak atitud pou akonpli divès kalte tach »³.

Pwogram fòmasyon an kòmanse ak oryantasyon Ministè ledikasyon pwopoze sou disiplin nan, nou jwenn tou pwofil sòti elèv yo apre premye sik lekòl fondamantal la. Nap jwenn nan dokiman an, pou chak tèm yon nòt pou anseyan an ak zouti pou li ak elèv yo.

Men kijan pwogram sa-a oganize:

- Yon **konpetans tèminal** (KT) ki tabli konpetans elèv la dwe genyen nan syans sosyal :
- Konpetans tèminal la divize an **konpetans espesifik** ($K_1 \dots K_3$, 3 maksimòm);
- Chak konpetans espesifik yo divize an Objektif aprantisaj ($OA_1 \dots OA_4$) ;
- Pou chak objektif aprantisaj, yo elabore yon sekans aprantisaj ($S1 \dots S4$) ki gen ladan egzèsis;
- Chak fwa yon seri aprantisaj fin reyalize, ap genyen yon aktivite entegrasyon pasyèl kivedi yon evalyasyon.

Alafen ane eskolè ap genyen yon aktivite entegrasyon konplèks ki pou tabli nan ki degre elèv la atenn konpetans tèminal la.

¹ GRAHN se yon òganizasyon ki reyini Ayisyen an Ayiti ak nan tout dyaspora a pou reflechi e potekole pou rebati yon lòt Ayiti tou nèf.

² GRIEAL se yon enstitisyon ki ap travay pou l ofri peyi Ayiti yon edikasyon altènatif kote pa gen eksklizyon

³ Yo rele “**tach**” yon aktivite kote yo mobilize yon maksimòm konpetans (konesans, ladrès, eksperyans, jès, atitud) pou atenn yon bi nan yon sitiyasyon reyèl.

ISTWA PEYI AYITI

<p>Oryantasyon Ministè</p>	<p>Pou Ministè ledikasyon nasyonal disiplin ki konpoze syans sosyal yo chita sou twa matyè : Istwa d’Ayiti, Jeyografi d’Ayiti, Edikasyon pou fome sitwayen ayisyen.. Chwa sa a chita nan lide pou fè ti moun yo konnen tè Ayiti, istwa li, ak fason pou viv ladan li an bon jan sitwayen. Enseyman syans sosyal la chita sitou sou kek valè sosyal ak kiltirel peyi Ayiti epi tou li chita sou devlopman sans ak responsabilite sivik, li chita tou sou fomasyon larelijyon pote bay sitwayen yo ak tou sa milye sosyal ak ekonomik peyi a charye. Valè sa yo chita tou sou konesans lanati pote epi tou ki koresponn avek tout respè nou dwe genyen pou enstitisyon peyi a ki makonnen tou ak valè moun genyen nan sans pwogrè peyi a.</p>
<p>Konpetans fen premye sik</p>	<p>Yon elèv ki soti nan premye sik lekòl fondamantal dwe konnen se yon ayisyen li ye. Li dwe konnen ki kote peyi a chita sou planèt tè a, epi li dwe konnen tou prensipal zanzèt ki te ban nou peyi sa a. Li dwe konnen kote peyi a soti, kisa ki rantr nan lavi kiltirel, sosyal ak ekonomik li. Li dwe konnen dwa ak dewa yon timoun genyen pou li menm, pou fanmiy li, pou tout sitwayen nan zòn kote lap viv la epi tou pou peyi a.</p>
<p>Konpetans fen premye ane lekòl fondamantal</p>	<p>Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri koze tan nan zafè listwa.</p>
<p>Mo kle</p>	<p style="text-align: center;">Le, jounen, semen, mwa, ane</p>
<p>Ki tèm</p>	<p>Divizyon tan nan zafe listwa</p>

DIVIZYON TAN NAN LISTWA

Nòt pou Anseyan

Lè nou konsidere nosyon tan nan zafè listwa nou kapab divize li nan kat (4) pati :

Premier pati

Yon ti tan ki tou kout : sa vle di: jounen, lè semen, mwa, ane

Remak : Koze tan ki tou kout la, anseyan an ap wè li avèk elèv premye ane yo

Dezyèm pati

Yon ti tan kout sa vle di : trimès, sezon semès, lane ,

Remak : dezièm pati koze tan kout la, anseyan an ap wè li avèk elèv dezyèm ane yo

Twazyèm pati

Yon tan ki long sa vle di : deseni (dizan), siyek (san tan) milènè

Remak : Koze tan ki long, anseyan an a ap wè li avèk elèv twazyèm ane yo

Katriyèm pati

Yon tan ki long anpil oswa epòk sa vle di : tan avan Jesi Kri, tan apre Jesi Kri, tan avan moun parèt sou tè a (pre istwa), antikite...

: Koze tan ki long anpil yo, anseyan an ap wè li avèk elèv katryèm ane yo

Mo kle : Lè, jounen, semen, mwa, ane, syèk, milènè

Zouti pou anseyan an

-

Zouti pou elèv yo

Michele Oriol Histoire d'Haiti et Education civique

Odette Roy Fombrun : Histoire de mon pays- FIC

PREMYE ANE

Tem : Divizyon tan

Kantite sekans : 6

Dire tout tèm nan : minit

Sekans 1 : jounen

Dire sekans lan : 60 minit

Konpetans teminal	Alafen premye ane lekòl fondamantal la anseyan ap rive ede chak elèv dekouvri epi tou konprann nosyon tan nan zafè listwa		Period	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon
<p>Konpetans 1 : Reperew nan yon tan ki kout tankou : jounen</p>	<p>Objektif aparantisaj : Anseyan an ap ede elèv yo dekouvri divès moman ki genyen nan yon jounen</p>	<p>Aktivite # 1 : : Chak elèv ap dekouvri avek soley la ki direksyon lonbraj li pran nan maten 8 tè, a midi ak nan apre midi 4 trè</p> <p>Aktivite # 2 : Chak elèv ap makonnen kèk aktivite ak divès moman ki genyen nan yon jounen</p>	<p>SeKt/oKt</p>	<p>-Ak soley la elev yo ap di ki direksyon lonbraj yo pran a 8 tè nan maten, a midi, ak 4 trè nana pre midi</p> <p>Imaj -brodan -moun ki kouche sou kaban - mounn kap manje -gode akasan, tas kafe ,</p>	<p>Egzesis #1: Vè 8 tè anseyan an ap fè elèv yo soti nan lakou lekòl la, lap mande chak elèv pou yo fè yon ti kanpe pou yo ka obsève ki fòm lonbraj yo pran. Chak elèv ap di kisa yo wè. A midi lap fe meme aktivite a Lap mande elev yo pou yo repete aktivite sa a 4 trè .</p> <p>Egzesis #2 : Anseyan ap ede elèv yo fè yon seri aktivite avek imaj yo. Chak elèv ap jwen aktivite yo fè nan divès moman nan yon jounen</p> <p>-Avèk imaj yo, yap di nan ki moman nan jounen an yo fè chak aktivite ki nan imaj yo chwazi yo.</p> <p>-Elèv yo ap asosye chak aktivite ak imaj ki koresponn ak divès moman ki genyen nan yon jounen.</p>

Mo asosye : douvanjou , maten, midi, aswè, yè, demen, apre demen, labrim di swa

PREMYE ANE

Tem : Divizyon tan

Kantite sekans : 6

Dire tout tèm nan : mn

Sekans 2 : Lè

Dire sekans lan : 60 mn

Konpetans teminal	Alafen premye ane lekòl fondamantal la anseyan ap rive ede chak elèv dekouvri epi tou konprann nosyon tan nan zafè listwa		Period	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon
<p>Konpetans 2 : Reperew nan tan ki kout tankou : lè</p>	<p>Objektif aprentisaj : Anseyan ap ede elèv yo konnen ki kantite lè ki genyen nan yon jounen</p>	<p>Aktivite #1 : Anseyan ap prezante elèv yo yon revèy ,lap mande yo ki sa li ye epi ki itilite zouti sa a</p> <p>Aktivite #2 : Elèv yo ap di tout sa yo wè nan revèy la</p> <p>Aktivite #3 : Elèv yo ap di a ki lè yo leve nan matin, ki le yo komanse lekòl chak jou, ki lè lekòl lage, lè rekreyasyon (komanse, fini),</p> <p>Aktivite #4 : Anseyan ap mete revèy la sou lè elèv yo leve, le yo komanse lekòl, lè lekòl lage Elèv yo ap chache li sou ki chif zeguy yo ye (ti zeguy ak gwo zeguy)</p>	<p>Nov/des</p>	<p>Imaj : Revèy Mont</p>	<p>Egzesis : Elèv yo ap eseye make kèk lè. Yap itilize ti zeguy ak gro zeguy pou yo make kèk lè ki fix (tankou 8 tè, 12 zè, 4 trè nana pre midi ... elatriye)</p> <p>-Chak elèv ap di ki aktivite yo fè nan yon jounen.</p> <p>- yap eseye makonnen aktivite sa yo avek lè yo.</p>

Mo asosye : orè, lè leve, le ale lekòl, le soupe, le domi

PREMYE ANE

Tem : Divizyon tan

kantite sekans : 6

Dire tout tèm nan: mn

Sekans 3 : Semèn

Dire sekans lan : 60mn

Konpetans teminal	Alafen premye ane lekòl fondamantal la anseyan ap rive fè chak elèv dekouvri epi tou konprann nosyon tan nan zafè listwa		Period	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon
<p>Konpetans 3 : Reperew nan tan ki kout tankou : semen</p>	<p>Objektif aprentisaj : Anseyan ap ede elèv yo konnen kisa yon semen ye</p>	<p>Aktivite #1 : Elèv yo ap site tout jou ki genyen nan yon semèn</p> <p>Aktivite #4 : Elèv yo ap chache jwenn kantite jou ki genyen nan yon semen (yap konte chak fwa yap di jou yo</p> <p>Aktivite #3 : Elèv yo ap di ki jou yo vini lekòl</p> <p>Aktivite #4 : Elèv yo ap di ki aktivite espesyal yo fè jou samdi ak jou dimanch</p>	<p>Janv/fev</p>	<p>Imaj</p> <ul style="list-style-type: none"> -lekol - legliz -gage - peristil -plas piblik -larivyè -moun kap mennen bèt chaje ak pwovisyon -mache 	<p>Egzesis # 1 : Elèv yo ap itilize imaj sou aktivite yo fè nan kominote kote yap viv la. Yap makonen aktivite yo fè nan yon semen ak imaj yo .</p> <p>- Elèv yo ap mete yon jou sou chak aktivite ki genyen nan kominote a.</p> <p>Egzesis # 2: Anseyan ap ede elèv yo idantifye avek yon almanak konbyen jou ki genyen nan yon semen</p>

Mo asosye :Almanak, ore lekòl la

PREMYE ANE

Tem : Divizyon tan

Kantite sekans : 6

Dire total : mn

Sekans 4 : Mwa

Dire sekans lan : 60 mn

Konpètans teminal	Alafen premye ane lekòl fondamantal la anseyan ap rive fè chak elèv dekouvri epi tou konprann nosyon tan nan zafè listwa		Period	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon
<p>Konpetans 4 : Reperew nan tan ki kout tankou : mwa</p>	<p>Objektif aprentisaj : Anseyan ap ede elèv yo konnen kisa yon mwa ye</p>	<p>Aktivite #1 : Elèv yo ap jwenn :</p> <ul style="list-style-type: none"> - konbyen semèn ki genyen nan yon mwa - konbyen jou ki genyen nan yon mwa <p>Aktivite #2 : Elèv yo ap di</p> <ul style="list-style-type: none"> -nan ki mwa lekòl ouvè, -nan ki mwa yo ale nan vakans -ki mwa nwel tonbe <p>Aktivite #3 : Elèv yo ap di</p> <ul style="list-style-type: none"> - ki mwa yo fet -ki mwa manman, papa, fre ak sè yo fèt. 	<p>Mas/avril</p>	<p>Almanak</p>	<p>Egzesis # 1: Avek yon almanak anseyan ap ede elèv yo jwenn nan ki mwa yo fet, ki mwa manman, papa, fre ak sè yo fet, nan ki mwa yo fete nwèl, gede.</p> <p>Egzesis # 2 : Elèv yo ap endike ak yon koulè dat say o sou almanac la</p>

Mo asosye : mansyel

PREMYE ANE

Tem : Divizyon tan

Kantite sekans : 6

Dire total : mn

Sekans 4 : Ane

Dire sekans lan : 60 mn

Konpètans teminal	Alafen premye ane lekòl fondamantal la anseyan ap rive fè chak elèv dekouvri epi tou konprann nosyon tan nan zafè listwa		Period	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon
Konpetans 3 : Reperew nan tan ki kout tankou : lane	Objektif aprentisaj : Anseyan ap ede elèv yo konnen kisa yon ane ye	Aktivite #1 : Elèv yo ap jwenn - konbyen mwa ki genyen nan yon lane -konbyen semèn ki genyen nan yon lane	Me	Almanak	Avek yon almanak anseyan ap ede elèv yo jwen nan ki mwa yo ale nan gran vakans, nan ki mwa kanaval tonbe pou ane a

Mo asosye : anyel, kalandriye

DEZYEM ANE

ISTWA PEYI AYITI

DIVIZYON TAN NAN LISTWA

PWOGRAM FOMASYON POU ANSEYAN AK ELEV DEZYEM ANE LEKOL FONDAMANTAL

TEM: DIVIZYON TAN NAN LISTWA

Konpetans fen dezyem ane lekòl fondamantal	Alafen deziem ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri koze tan nan zafè listwa.
Mo kle	Lane, Trimès, semès, sezon
Ki tèm	Divizyon tan nan zafè istwa

DEZYEM ANE

Tèm : Divizion tan: ane, semès, trimès, sezon

Dire : 90 minit

	Sekans 1: kisa yon ane ye	Period	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon elèv
Konpetans terminal	Alafen seyans la Anseyan ap rive fè elèv yo konpran kisa yon ane ye. Lap fè elèv yo fè kek aktivite ki makonen ak realite lavi yo pou yo ka konpran pi byen koze tan an kise ane.			
Konpetans 1 :Reperew nan tan ki pa two long tankou : ane	Objektif sekans lan: Apre sekans la anseyan an ap kapab ede elèv yo konnen konbyen mwa ki genyen nan yon ane epi tou konbyen trimès ak semès ki genyen nan yon ane.	Janv/fev	-Almanak regilye -Almanak eskole	
Objektif aprantisaj la :Anseyan ap fè elèv yo dekouvri plizyè jan yo li tan ki pa two long tankou : lane	<p>Aktivite #1 : Elèv yo ap eseye di nan lòd tout mwa ki genyen nan yon ane.</p> <p>Aktivite #2 : Elèv yo ap chache jwenn konbyen jou, konbyen mwa ki genyen nan yon ane (yap sèvi ak yon almanak pou sa). Yap konte chak mwa pou yo jwen kantite a</p> <p>Aktivite #3 : Elèv yo chache jwen konbyen trimès ki genyen nan yon ane</p> <p>Aktivite #4 : Elèv yo ap chache jwen konbyen semès ki genyen nan yon ane</p> <p>Aktivite #5 : Elèv yo ap itilize yon almanak pou yo ankadre yon semen, yon mwa, plizye jou epi tou ane ki sou almanak la</p>			<u>Aktivite #6 : Rechèch</u> Elèv yo ap sèvi ak yon almanak, yap fè yon kalkil pou jwen : konbyen jou ki genyen nan yon ane, konbyen semen, konbyen mwa, konbyen trimès epi tou konbyen semès yon ane pote.

DEZYEM ANE

Tèm : Divizion tan: ane, semès, trimès, sezon

Dire : 45 minit

	Sekans 2: konprann kisa yon semès ye	Period	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
Konpetans terminal	Aprè seyans la, Anseyan lekòl fondamantal yo ap rive fè elèv yo konpran kisa yon trimès ye epi tou fè kèk aktivite sou nosyon sa a.			
Konpetans 2 : Reperew nan tan ki pa two long tankou : semès	Objektif sekans lan: Aprè sekans lan, anseyan ap kapab ede elèv yo konnen konbyen mwa ki genyen nan yon semès.	Nov /dec	Almanak regilye Almanak eskolè	
Objektif aprantisaj la : Anseyan ap fè elèv yo dekouvri kisa yon semès ye, epi tou ki dire li genyen.	Aktivite #1 : Anseyan ap ede elèv yo dekonpoze mo semès la pou yo ka jwenn konbyen mwa li pote Aktivite #2 : Elèv yo ap jwen dire egzat yon semès Aktivite #3 : Elèv yo ap chache konen konbyen trimès ki genyen nan yon semès			Aktivite #4 : Avek yon almanak elèv yo ap chache konen konbyen semès yo pase lekòl. Y ap di nan ki mwa chak semès yo komanse

DEZYEM ANE

Tèm : Divizion tan: ane, semès, trimès, sezon

Dire : 90 minit

	Sekans 3 : konprann kisa yon trimès ye	Period	Materyel	Egzesis ak evalyasyon
Konpetans tèminal	Aprè seyans la, Anseyan lekòl fondamantal yo ap rive fè diferans epi tou konpran nosyon tan nan koze istwa. Y ap ka fè elèv yo devlope kèk aktivite kote yo ka makonnen tan ak sa yo fè nan lavi yo, nan fanmi yo ak kominote kote y ap viv la.	Sept-Oct	-Almanak regilye -Almanak eskole	
Konpetans 3 : Reperew nan tan ki pa two long tankou: trimès	Objektif sekans lan: Apre sekans lan anseyan an ap kapab ede elèv yo konnen konbyen mwa ki genyen nan yon trimès.			
Objektif aprantisaj la : Anseyan ap ede elèv yo konprann kisa yon trimès ye. Lap fè elèv yo realize kèk aktivite sou fòm divizyon tan sa a.	Aktivite #1: Kisa yon trimès ye ? Aktivite #2 : Elèv yo ap konte konbyen mwa yo pase lekòl apre lè li finn ouvè. Aktivite #3 : Elèv yo ap di, kilè lekòl rekòmanse apre chak vakans (apre vakans nwèl, vakans pak elatriye). Aktivite #4 : Elèv yo ap di konbyen mwa chak sik lekòl (etap) yo dire (y ap kontwòle lè yo antre ak lè yo soti chak fwa) Aktivite #5 : Elèv yo ap dekouvri kijan lekòl la fonksyone an Ayiti, (a ki sik, kombyen etap, sa vle di chak kilè yo antre chak kilè yo ale nan vakans). Aktivite #6 : Elèv yo ap dekonpoze mo trimès la pou yo ka konprann pi byen konbyen mwa ki genyen nan yon trimès. Anseyan an ap fè elèv yo dekouvri kantite mwa ki genyen nan yon trimès			

DEZYEM ANE

Tèm : Divizion tan: ane, semès, trimès, sezon

Dire : 90 minit

	Sekans 4: konpran kijan sezon yo prezante			
Reperew nan jan tan prezante I	Objektif sekans la : Alafen sekans la anseyan an ap rive fè elèv yo konpran divès fason tan prezante I nan yon lane	Period	Materyel	Egzesis ak evalyasyon
Objektif aprantisaj la :Anseyan ap fè elèv yo dekouvri sezon yo epi tou kijan yo chak prezante	<p>Aktivite #1: Anseyan ap prezante elèv yo divès kalite foto pye bwa (pye bwa ak fèy byen vèt, epi tou pye bwa avek fèy sèch). Anseyan ka chwazi foto pye bwa tankou zanman n pou li fè eksperyans</p> <p>Aktivite #2: Elèv yo ap fè diferans ant koulè fèy pye bwa yo, sou jan yo prezante yo chak fwa.(Y ap fe sa ak foto anseyan an prezante yo)</p> <p>Aktivite #3: Elèv yo ap asosye koule fèy pye bwa yo ak lè genyen lapli epi tou ak lè ki pa genyen lapli. Yap dekouvri relasyon ki genyen ant jan pye bwa yo ye ak lè lapli tonbe osinon pa tonbe</p> <p>Aktivite # 4: Elèv yo ap chache konen nan ki mwa lapli komanse tonbe nan peyi Ayiti, ki mwa ki genyen anpil lapli, ki mwa ki pa genyen lapli</p> <p>Aktivite #5: Elèv yo ap di ki mwa li fè cho anpil an</p>	Mas/Avril/Me	<p>Foto pye bwa nan divès sezon</p> <p>Foto moun ki abiye lè divès sezon (lè prentan, lè été, lè otòn, lè ivè)</p>	<p>Aktivite #9 :Anseyan ap ede elèv yo fè relasyon ki genyen ant tan an, prezantasyon pye bwa yo, lapli ak tan lesek, Elèv yo ap asosye mwa ki genyen lapli nan peyi Ayiti ak tanperati ki genyen lè sa-a, yap fè sa tou pou mwa ki pa genyen lapli yo</p> <p>Aktivite #10 : Elèv yo ap fè desen pye bwa nan sezon lapli ak pye bwa nan sezon ki pa genyen lapli, yap di tou ki diferans ki genyen ant jan yo prezante chak fwa.</p> <p>Aktivite #11 : Elèv yo ap</p>

	<p>Ayiti, ki mwa ki pa fè cho anpil</p> <p>Aktivite #6: Anseyan ap fè elèv yo fè konesyon ak tout bagay sa yo : lè lapli ap tonbe anpil kijan tanperati –a ye, lè sezon sèch kijan tanperati-a ye</p> <p>Aktivite #7 : Elèv yo ap dekouvri lòt sezon ki genyen nan lemond. Anseyan ap prezante yo plizye kalite foto ki montre lòt sezon yo (lap itilize pou sa foto ki montre jan lòt sezon yo prezante)</p> <p>Aktivite #8: Anseyan an ap pale elèv yo de lòt kalite sezon ki egziste yo, epi tou lap ba yo nan ki lòd sezon sa yo rive (lap asosye chak sezon yo ak mwa yo sou tout yon lane)</p>			<p>analize foto lòt sezon ki pa genyen nan peyi Ayiti yo. Y ap di kijan yo wè pye bwa yo, kijan yo wè moun yo abiye epi tou pou kisa yo abiye konsa</p> <p>Aktivite #12: Anseyan ap ede elèv yo dekouvri kijan moun rive adapte lavi yo ak divès sezon ki genyen sou latè.</p>
--	---	--	--	---

DEZYEM ANE

ISTWA PEYI AYITI

SIVILIZASYON TAYINO

PWOGRAM FOMASYON POU ANSEYAN AK ELEV DEZYEM ANE LEKOL FONDAMANTAL

TEM: SIVILIZASYON TAYINO

Konpetans apre dezyèm ane lekòl fondamantal	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan ap ede elèv yo: <ul style="list-style-type: none">- Dekouvri pozisyon zile kiskeya- Konprann fason Tayino yo te viv sou zile kiskeya- Dekouvri eritaj Tayino kite pou sosyete jodi a- Konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a
Mo kle	Peyi, Sivilizasyon, Sosyete, Kilti, Zile
Ki tèm	Sivilizasyon Taino

DEZYEM ANE

NOT POU ANSEYAN

Genyen plizyè kategori ak kalte moun ki okipe tè zile kiskeya. Pou kòmanse, nou jwenn Tayino ak Awawaks ki se premye moun ki tap viv sou zile a.

Nan lane 1492, yon gwoup moun soti nan Ewop prensipalman nan peyi Espay. Gwoup sa a te gen navigatè Christoph Colomb pou mennen l jouk yo rive rankontre Tayino ak Awawaks yo sou zile sa a.

Aprè Espayòl yo te fin touye Tayino ak Awawaks yo anba travay di, yo te pran tou sa zile a te genyen ladan tankou: min lò. Espayòl sa yo pat rete, yo te pouse vol yo pou pi lwen toujou nan kontinan ameriken an jouk yo rive Kiba, Meksik, Perou, Ajantin elatriye.... Se te premye peiod kolonizasyon zile a.

Nan lane 1664 yon lot gwoup moun soti anko nan ewop, nan peyi Lafrans. Yo te rive pran kontwol yon pati nan zile a. Yo rele pati sa a Sendoming. Se te dezyem period kolonizasyon zile a.

Fok nou di tou depi 1503 nan premye period kolonizasyon an. Aprè Espayòl yo te fin touye Tayino yo. Yo te ale cheche Afriken nèg nwè pou kontinye travay nan min lò ak nan plantasyon yo.

Nèg nwè pa toujou dosil. Yo mennen dives fom lit pou soti anba zak kolonizasyon ak esklavaj la. Yo mennen lit sa yo : maronaj kise lafwit, yo te itilize kek fey bwa pou fe pwazon, enfantid, yo touye met yo epi yo boule plantasyon met yo elatriye..... Yo revolte kont sistem kolonyal sa pou kreye yon peyi lib, endepandan nan lane 1804.

Mo kle ak enpòtan

- Peyi, Sivilizasyon, Sosyete, Kilti, Zile

Zouti pou anseyan

- Odette R. FOMBRUN, Mon livre d'evenil 2eme année, Editions H. Deschamps. aout 2008.

Liv pou elèv yo

- Odette R. FOMBRUN, Mon livre d'evenil 2eme année, Editions H. Deschamps. aout 2008

DEZYEM ANE

SEKANS 1: Limit jewografik zile kiskeya

Konpetans tèminal :	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan ap ede elèv yo: - Dekouvri pozisyon zile kiskeya - Konprann fason Tayino yo te viv sou zile kiskeya - Dekouvri eritaj Tayino kite pou sosyete jodi a - Konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a	Òganizasyon klas la : -Brase lide ak tout klas la -Travay endividyèl -Travay nan gran gwoup -Plenyè
Konpetans 1 :	Dekouvri limit jewografik zile kiskeya	Materyèl : Kat zile kiskeya
Objektif aprantisaj :	Anseyan an ap ede elèv yo konnen zile a ak limit jewografik li.	Dire : 30 minit

Aktivite 1 : Anseyan ap prezante elèv yo definisyon zile kiskeya. Li ap aprann yo tou pou kisa yo rele zile sa kiskeya

Aktivite 2 : Anseyan ap prezante elèv yo kat jewografik zile a ki genyen tout limit zile a ladan. Li ap mande yo gade byen tou sa yo we sou kat la pou yo ekri sou kaye yo limit zile a. Li ap akonpaye elèv yo pandan y ap fè egzèsis sa a :

1. Limit zile a nan No
2. Limit zile a nan Sid
3. Limit zile a nan Lwes
4. Limit zile a nan Les

Aktivite 3 : Anseyan ap mande elèv yo pou yo vin prezante limit zile a youn apre lòt pandan y ap itilize kaye yo pou fe sa.

DEZYEM ANE

SEKANS 2: Divizyon administrativ zile kiskeya

Konpetans tèminal :	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan ap ede elèv yo: - Dekouvri pozisyon zile kiskeya - Konprann fason Tayino yo te viv sou zile kiskeya - Dekouvri eritaj Tayino kite pou sosyete jodi a - Konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a	Òganizasyon klas la : -Brase lide ak tout klas la -Travay endividyèl -Travay nan gran gwoup -Plenyè
Konpetans 2 :	Dekouvri divizyon administrativ zile kiskeya	Materyèl : Kat zile kiskeya
Objektif aprantisaj :	Anseyan an ap ede elèv yo konnen fason Tayino yo te separe zile a pou te kapab dirije li.	Dire : 30 minit

Aktivite 1 : Anseyan ap prezante elèv yo 5 kasika ki te fome zile kiskeya.

Aktivite 2 : Anseyan ap prezante elèv yo kat zile kiskeya ak tout kasika yo. Li ap mande yo gade byen tou sa yo we sou kat la pou yo ekri sou kaye yo. Li ap akonpaye elèv yo pandan y ap fè egzèsis sa a:

1. Kasika magwa
2. Kasika maryen
3. Kasika zaragwa
4. Kasika magwana
5. Kasika igwey

Aktivite 3 : Anseyan ap mande elèv yo pou yo vin prezante kasika yo youn apre lòt pandan y ap itilize kaye yo pou fe sa.

DEZYEM ANE

SEKANS 3: Lavi premye abitan zile a (Tayino ak awawak)

Konpetans tèminal :	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan ap ede elèv yo: - Dekouvri pozisyon zile kiskeya - Konprann fason Tayino yo te viv sou zile kiskeya - Dekouvri eritaj Tayino kite pou sosyete jodi a - Konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a	Òganizasyon klas la : -Brase lide ak tout klas la -Travay endividyèl -Travay nan gran gwoup -Plenyè
Konpetans 3 :	Dekouvri lavi premye abitan zile kiskeya	Materyèl : Kat zile kiskeya, imaj Tayino ak rad sou yo epi kap reyalize dives aktivite tankou: prepare mabi, chase bet, prepare kasav, plante manyok elatriye.....
Objektif aprantisaj :	Anseyan an ap ede elèv yo konprann fason Tayino yo t ap viv sou zile kiskeya.	Dire : 45 minit

Aktivite 1 : Anseyan ap prezante elèv yo imaj Tayino k ap reyalize kek aktivite nan lavi chak jou yo.

Aktivite 2 : Anseyan ap mande elèv yo gade byen tou sa yo we nan imaj li prezante yo nan etap 2 a, epi pou yo ekri sou kaye yo. Li ap akonpaye elèv yo pandan y ap fè egzèsis sa a:

1. Tayino k ap plante manyok
2. Tayino k ap prepare bwason tankou mabi
3. Tayino k ap prepare kasav
4. Tayino k ap fe desen ak woukou sou po yo
5. Tayino k ap priye nan gwot elatriye.....

Aktivite 3: Anseyan ap mande elèv yo pou yo vin prezante rezilta aktivite etap 2 a youn apre lòt.

DEZYEM ANE

SEKANS 4: Eritaj Tayino pou sosyete Jodi a

Konpetans tèminal :	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan ap ede elèv yo: - Dekouvri pozisyon zile kiskeya - Konprann fason Tayino yo te viv sou zile kiskeya - Dekouvri eritaj Tayino kite pou sosyete jodi a - Konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a	Òganizasyon klas la : -Brase lide ak tout klas la -Travay endividyèl -Travay nan gran gwoup -Plenyè
Konpetans 4 :	Dekouvri eritaj premye abitan zile kiskeya pou sosyete jodi a	Materyèl: imaj Tayino kap reyalize dives aktivite tankou: prepare mabi, chase bet, prepare kasav, plante manyok elatriye.....
Objektif aprantisaj :	Anseyan an ap ede elèv yo konnen tou sa Tayino yo kite kom eritaj pou sosyete sa a.	Dire : 45 minit

Aktivite 1 : Anseyan ap mande elèv yo idantifye tou sa Tayino yo kite pou nou jounen jodi a. Y ap fe sa nan yon afich oswa postè li prezante yo sou dives aktivite Tayino yo.

Aktivite 2 : Anseyan ap akonpaye elèv yo pou idantifye tou sa Tayino yo kite pou nou kom eritaj. Paegzanp li ap ede yo fè egzèsis la konsa:

1. Tayino yo kite manyok
2. Tayino yo kite bwason mabi
3. Tayino yo kite kasav ki prepare ak manyok
4. Tayino yo fe desen ak woukou sou po yo. Jodi a nou itilize tatwaj
5. Tayino yo te konn priye nan gwot. Jodi a nou priye nan tanp legliz, elatriye.....

Aktivite 3: Anseyan ap mande elèv yo pou yo vin prezante rezilta aktivite etap 2 a youn apre lòt.

DEZYEM ANE

SEKANS 5: Diferans ant lavi Tayino yo ak lavi Jodi a

Konpetans tèminal :	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan ap ede elèv yo: - Dekouvri pozisyon zile kiskeya - Konprann fason Tayino yo te viv sou zile kiskeya - Dekouvri eritaj Tayino kite pou sosyete jodi a - Konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a	Òganizasyon klas la : -Brase lide ak tout klas la -Travay endividyèl -Travay nan gran gwoup -Plenyè
Konpetans 5 :	Dekouvri diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a	Materyèl: imaj Tayino kap reyalize dives aktivite tankou: prepare mabi, chase bet, prepare kasav, plante manyok elatriye.....
Objektif aprantisaj :	Anseyan an ap ede elèv yo konprann diferans ant lavi Tayino yo ak lavi jodi a.	Dire : 30 minit

Aktivite 1: Anseyan ap prezante elèv yo 2 kalte planch: Nan yon planch li ap prezante yo imaj Tayino yo, epi nan lot planch la li ap prezante yo sosyete jodi a.

Aktivite 2 : Anseyan ap akonpaye elèv yo pou idantifye kek diferans nan fason Tayino yo te konn viv ak fason n ap viv jounen jodi a. Paegzanp li ap akonpaye yo pou fè egzèsis la konsa:

1. Abiman Tayino yo pa menm ak abiman jounen Jodi a
2. Tayino yo viv nan gwot nou viv jounen Jodi a nan bel mezon
3. Tayino yo adore tou sa nati genyen pou bondye, Jodi a li diferan se legliz oswa tanp, elatriye.....

Aktivite 3: Anseyan ap mande elèv yo pou yo vin prezante rezilta aktivite etap 2 a youn apre lòt.



3^{ème} Rue Rivière # 2. Port-au-Prince, Haïti
 Boite Postale # 19029, Rue Capois
 Téléphone : 3413-5536
 Courriel : grireal@yahoo.fr

Groupe de Recherches et d'Interventions en Education Alternative

ZOUTI POU EVALYASYON PWOGRAM FÒMASYON A DISTANS

Matye : Istwa premye ane


Pou evalyasyon pwogram yo, w ap sèvi ak griy sa a. W ap koche (✓) chak endikatè yo apati echèl apresyasyon ki pi ba a.

Echèl apresyasyon : 1= Pa ditou 2= An pati 3= Prèske totalman 4= Totalman

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ORYANTASYON	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan respekte kourikoulòm (1yè ou 2èm AF) ■ Konpetans fen sik yo defini byen aklè ■ Tèm ki abode yo koresponn ak nivo elèv yo ■ Anseyan ka konprann san difikilte oryantasyon fòmasyon an 					
FOMILASYON AK CHWA KONPETANS YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan jan li fèt la ap rann elèv yo konpetan ■ Nan chwa konpetans yo nivo elèv yo respekte ■ Elèv yo ap kapab devlope ladrès pou rezoud pwoblèn nan yon sitiyasyon ki prezante devan yo ■ Anseyan yo kapab retwouvwe yo san difikilte nan apwòch sa a ki tabli aprantisaj elèv yo sou baz konpetans 					

Matye : Istwa premye ane

ASPEÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ESTRATEJI APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Mete elèv yon nan mitan sitiyasyon aprantisaj la ■ Pèmèt elèv yo konstrui konesans yo ■ Anseyan an jwe sitou yon wòl fasilite (akonpayatè) ■ Elèv la ap kapab itilize sa li aprann nan pou l rezoud pwoblèm li rankontre nan lavi li depi kounye a 					
CHWA AKTIVITE YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Gen rapò ak nivo laj elèv yo e nivo sosyokiltirèl yo ■ Pèmèt elèv yo patisipe ■ Pèmèt aprantisaj yo reyalize ■ Atreyan pou laj elèv yo 					
EVALYASYON APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan mezire aprantisaj elèv yo reyalize ■ Evalyasyon fèt sou sa elèv yo aprann ■ Evalyasyon an pa penalize elèv yo ■ Evalyasyon ka pèmèt yo reyalize ki kote yo rive nan pwosesis fòmasyon yo 					



3^{ème} Rue Rivière # 2. Port-au-Prince, Haïti
 Boite Postale # 19029, Rue Capois
 Téléphone : 3413-5536
 Courriel : griegal@yahoo.fr

Groupe de Recherches et d'Interventions en Education Alternative

ZOUTI POU EVALYASYON PWOGRAM FÒMASYON A DISTANS

Matye : Istwa dezyeme ane

Pou evalyasyon pwogram yo, w ap sèvi ak griy sa a. W ap koche (✓) chak endikatè yo apati echèl apresyasyon ki pi ba a.
 Echèl apresyasyon : 1= Pa ditou 2= An pati 3= Prèske totalman 4= Totalman

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ORYANTASYON	Pwogram nan respekte kourikoulòm (1yè ou 2èm AF) Konpetans fen sik yo defini byen ak lè Tèm ki abode yo koresponn ak nivo elèv yo Anseyan ka konprann san difikilte oryantasyon fòmasyon an					
FOMILASYON AK CHWA KONPETANS YO	Pwogram nan jan li fèt la ap rann elèv yo konpetan Nan chwa konpetans yo nivo elèv yo respekte Elèv yo ap kapab devlope ladrès pou rezoud pwoblèn nan yon sitiyasyon ki prezante devan yo Anseyan yo kapab retwouvwe yo san difikilte nan apwòch sa a ki tabli aprantisaj elèv yo sou baz konpetans					

Matye : Istwa dezyeme ane

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ESTRATEJI APRANTISAJ YO	<p>Mete elèv yon nan mitan sitiyasyon aprantisaj la</p> <p>Pèmèt elèv yo konstrui konesans yo</p> <p>Anseyan an jwe sitou yon wòl fasilite (akonpayatè)</p> <p>Elèv la ap kapab itilize sa li aprann nan pou l rezoud pwoblèm li rankontre nan lavi li depi kounye a</p>					
CHWA AKTIVITE YO	<p>Gen rapò ak nivo laj elèv yo e nivo sosyokiltirèl yo</p> <p>Pèmèt elèv yo patisipe</p> <p>Pèmèt aprantisaj yo reyalize</p> <p>Atreyan pou laj elèv yo</p>					
EVALYASYON APRANTISAJ YO	<p>Pwogram nan mezire aprantisaj elèv yo reyalize</p> <p>Evalyasyon fèt sou sa elèv yo aprann</p> <p>Evalyasyon an pa penalize elèv yo</p> <p>Evalyasyon ka pèmèt yo reyalize ki kote yo rive nan pwosesis fòmasyon yo</p>					